



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah  
Republik Indonesia  
2024

# Bonékah Wayang Bathik

## Boneka Wayang Batik

Penulis : Titin Mulyaningsih

Ilustrator: Puput Aridhijayati

PR AKARYA



**B3**





Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah  
Republik Indonesia  
2024

# **Bonékah Wayang Bathik**

## **Boneka Wayang Batik**

Penulis : Titin Mulyaningsih

Ilustrator: Puput Aridhijayati

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah  
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**Bonékah Wayang Bathik  
(Boneka Wayang Batik)**

Penulis : Titin Mulyaningsih  
Ilustrator : Puput Aridhijayati  
Penerjemah : Rita Nuryanti  
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Doni Dwi Hartanto  
2. Bahasa Indonesia: Joko Sugiarto  
Penata Letak : Puput Aridhijayati  
Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati  
2. Wuroidatil Hamro  
3. Nindwihapsari  
4. M. Haris Ardhani  
5. Rino Edrianto

**Penerbit**

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024  
ISBN 978-623-388-971-1 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Arial.  
ii, 19 hlm., 21 x 29,7 cm.

## Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.


Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



Para siswa kelas telu padha anteng mirengaké Bu Guru. Bu Guru ngendika menawa Yogyakarta nembé darurat sampah.

Bocah-bocah kudu bisa milah, milih, lan ngolah uwuh. Bu Guru paring dhawuh murih para siswa gawé pakaryan saka barang bekas. Pakaryan bisa digawé saka dluwang, gendul plastik, utawa barang liyané. Para siswa diparingi wektu suwéné seminggu.

Para siswa kelas tiga tenang mendengarkan Bu Guru. Bu Guru berkata bahwa Yogyakarta sedang darurat sampah. Anak-anak harus dapat memilah, memilih, dan mengolah sampah.

Bu Guru memberi tugas agar para siswa membuat kerajinan dari barang bekas. Kerajinan dapat dibuat dari kertas, botol plastik, atau barang lainnya. Para siswa diberi waktu seminggu.



Ayim bingung arep nggawé pakaryan apa. Dhèwèké ngéling-éling barang bekas sing ana ngomahé. Sauntara dhèwèké nggagas barang sing dibutuhké kuwi.

Ayim kèlingan menawa ibuné kagungan turahan bathik kang akèh saka gawé klambi. Ibuné Ayim kuwi greji, wong kang pagawèyané gawé klambi. Ayim arep gawé pakaryan saka turahan bathik kuwi.

Ayim bingung akan membuat kerajinan apa. Dia mengingat-ingat barang bekas yang ada di rumahnya. Beberapa saat dia memikirkan barang bekas yang dibutuhkan itu.

Ayim teringat jika ibunya mempunyai banyak sisa kain batik dari membuat baju. Ibu Ayim seorang penjahit, orang yang pekerjaannya membuat baju. Ayim akan membuat kerajinan dari sisa batik itu.




Ayim matur marang ibuné menawa ana tugas gawé pakaryan saka barang bekas. Ayim nyuwun turahan kain bathik marang ibuné. Sawisé Ibu marengaké, Ayim njupuk turahan kain bathik sacukupé.

Ayim milih kain bathik sing motifé rada gedhé. Bathiké manéka warna motifé, kayata kawung, truntum, uga parang. Ayim bingung anggoné milih kain.

Ayim berkata kepada ibunya jika ada tugas membuat kerajinan dari barang bekas. Ayim meminta sisa kain batik kepada ibunya. Setelah Ibu mengizinkan, Ayim mengambil sisa kain batik secukupnya.

Ayim memilih kain batik bermotif agak besar. Batik beraneka motif, seperti kawung, truntum, dan parang. Ayim kebingungan memilih kain.






Kain bathik wis cumepak, ananging Ayim isih bingung. Kain kuwi arep digawé dadi apa?

Wiwitané Ayim arep gawé cèlèngan kerdhus, banjur ditèmplèki kain bathik. Ananging, kuwi wis akèh sing gawé. Ayim arep gawé apa, ya?

Kain batik telah tersedia, tetapi Ayim masih bingung. Kain itu akan dibuat menjadi apa?

Semula Ayim akan membuat celengan kardus, kemudian ditemplei kain batik. Namun, itu sudah banyak yang membuat. Ayim akan membuat apa, ya?



Ing wayah awan Ayim lèyèh-lèyèh sinambi ngombé wédang.  
Ayim nyekel gendul putih cilik, banjur duwé angen-angen.  
Gendul kuwi bisa digawé bonékah.

Bonékah saka gendul nganggo klambi bathik. Ayim mèsè  
katon seneng atiné. Wektu kanggo nggarap tugas isih 4 dina.

Pada waktu siang Ayim rebahan sambil minum wedang. Ayim  
memegang botol putih kecil, kemudian mempunyai ide. Botol  
itu dapat dibuat boneka.

Boneka dari botol menggunakan baju batik. Ayim tersenyum  
menandakan senang. Waktu untuk mengerjakan tugas masih  
4 hari.



Ayim nyoba nggambar apa sing diangen-angenaké, yaiku nggawé bonékah. Bonékah iki digawé saka gendul bekas.

Klambiné digawé saka kain bathik.

Ayim nyepakaké samubarang sing dibutuhaké. Ana kain bathik, gendul bekas, lémbé, gunting, dom, lan bolah. Ana uga bal pingpong lan mripat bonékah.

Ayim mencoba menggambar apa yang diangankan, yaitu membuat boneka. Boneka ini dibuat dari botol bekas.

Bajunya dibuat dari kain batik.

Ayim menyiapkan semua yang dibutuhkan. Ada kain batik, botol bekas, lem, gunting, jarum, dan benang. Ada juga bola pingpong dan mata boneka.




Awak bonékah digawé saka gendul bekas. Endhasé bonékah saka bal pingpong. Bal kuwi banjur dipasang sadhuwuré gendul.

Ayim gawé tangan lan sikil bonékah saka bolah wol sing diklabang. Pucuké diwènèhi manik-manik bunder. Sikilé bonékah dipasang ing sisih ngisor gendul.

Badan boneka dibuat dari botol bekas. Kepala boneka dari bola pingpong. Bola itu dipasang di atas botol.

Ayim membuat tangan dan kaki boneka dari benang wol yang dikepang. Bagian pucuk diberi manik-manik bundar. Kaki boneka dipasang di bagian bawah botol.



Awaké bonékah wis dadi. Saiki, Ayim banjur gawé klambiné. Kain bathik motif mèga mendhung warna biru dipilih.

Ayim durung bisa gawé klambi bonékah. Kain bathik mung dikethok sabisané, banjur ditèmplèkaké ngono waé. Ora suwé, kain banjur dicopot manèh amarga kurang trep.

Tubuh boneka sudah jadi. Sekarang, Ayim akan membuat baju. Kain batik motif mega mendung warna biru dipilih. Ayim belum dapat membuat baju boneka. Kain batik hanya dipotong sebisanya, lalu ditempelkan begitu saja. Tidak lama, kain dicopot lagi karena kurang pas.






Ayim nyuwun pirsá marang ibuné. Ibu ngajari Ayim carané gawé klambi cilik. Ayim banjur nyoba gawé klambi cilik.

Ayim nyuwun tulung Ibu supaya ndondomaké kain kanggo bonékahé. Ibu ora kersa. Ibu ngendika supaya Ayim gawé dhéwé.

Ayim bertanya kepada Ibu. Ibu mengajari Ayim cara membuat baju kecil. Kemudian, Ayim mencoba membuat baju kecil.

Ayim minta tolong Ibu agar menyulam kain buat bonekanya. Ibu tidak bersedia. Ibu berkata agar Ayim membuatnya sendiri.






Wektu kanggo nglumpukaké pakaryan isih sedina. Bonékahé Ayim durung dadi amarga Ayim isih wedi anggoné ndondomi.

Ayim nyawang bonékahé. Ayim ngguyu dhéwé amarga bonékahé katon lucu. Ayim njupuk kain bathik, banjur blebedaké kain bathik ing awak bonékah.

Waktu untuk mengumpulkan kerajinan tinggal sehari. Boneka Ayim belum jadi karena Ayim masih takut menyulam.

Ayim melihat boneka. Ayim tertawa sendiri karena boneka tampak lucu. Ayim mengambil kain batik, kemudian melilitkan kain batik di tubuh boneka.



Blebedan kain kuwi dadi klambi bonékahé. Kain ditèmplèkaké nganggo lém.

Kain bathik dikethok kothak rada dawa. Kain kuwi diplipit-plipit, banjur ditèmplèkaké dadi rok bonékah. Kain ditèmplèkaké nganggo lém.

Lilitan kain itu menjadi baju boneka. Kain ditempelkan dengan menggunakan lem.

Kain batik dipotong kotak agak panjang. Kain itu dilipat-lipat, kemudian ditempelkan menjadi rok boneka. Kain ditempelkan dengan menggunakan lem.



Saiki bonékahé uwis ana klambiné. Ayim uga gawé kudhung kanggo bonékahé.

Ayim nyawang bonékahé kaya dhèwèké durung marem. Bonékahé isih kurang apik amarga klambiné kurang trep.

Sekarang boneka telah berbaju. Ayim juga membuat kerudung untuk boneka.

Ayim memandang boneka seperti dia belum puas. Boneka masih kurang bagus karena baju kurang pas.



Ayim ngangen-angen amrih bonékahé dadi apik. Kudu diwènèhi apa manèh?

Ayim njupuk manik-manik lan rénda. Manik-manik ditèmplèkaké ing kudhung bonékahé. Renda dipasang mubeng nèng klambi bonékahé.

Ayim berangan-angan agar boneka menjadi bagus. Harus diberi apa lagi?

Ayim mengambil manik-manik dan renda. Manik-manik ditempelkan pada kerudung boneka. Renda dipasang melingkar pada baju boneka.






Bonékahé saya apik, ananging isih ana sing kurang.  
Tangan bonékah mung bisa gondhal-gandhul. Ayim kepéngin  
tangané bonékah bisa diobahaké kaya wayang.

Awak bonékah dipasang pring saka ngisor kanggo gocèkan.  
Tangan bonékah uga dipasang pring. Tangané bonékah  
banjur bisa diobahaké.

Boneka makin bagus, tetapi masih ada yang kurang. Tangan  
boneka hanya mengantung. Ayim menginginkan tangan  
boneka bisa digerakkan seperti wayang.

Badan boneka dipasang bambu dari bawah untuk pegangan.  
Tangan boneka juga dipasang bambu. Tangan boneka bisa  
digerakkan.



Ayim nyawang bonékah gendul bathiké. Bonékah gendul bisa diobahaké kaya wayang. Bonékah kuwi katon lucu.

Ayim ngguyu seneng. Wayang gendul bathiké wis dadi.

Ayim memandang boneka botol batik. Boneka botol dapat digerakkan seperti wayang. Boneka itu terlihat lucu.

Ayim tertawa senang. Boneka botol batik sudah jadi.



Dina iki wayahé nglumpukaké pakaryan. Para siswa kelas telu padha nuduhaké pakaryané dhéwé-dhéwé. Kabèh pakaryan siswa kelas telu katon apik.

Bu Guru nimbali siswané siji mbaka siji. Ayim maju lan nuduhaké carané dolanan wayang gendul bathik. Ibu Guru ngendika menawa gawéyané Ayim apik.

Hari ini waktu mengumpulkan kerajinan. Para siswa kelas tiga menunjukkan pekerjaan masing-masing. Semua kerajinan siswa kelas tiga terlihat bagus.

Bu Guru memanggil siswa satu per satu. Ayim maju dan menunjukkan cara memainkan wayang botol batik. Bu Guru mengatakan bahwa buatan Ayim bagus.



## Glosarium

gerji : penjahit, orang yang bekerja membuat baju  
murih : supaya, agar  
samubarang: semua, segala sesuatu  
sauntara : sementara, beberapa saat

# Biodata



## Penulis

**Titin Mulyaningsih** guru di SD Negeri Petinggen. Ibu Titin senang menulis cerita anak. Karya tulis yang sudah dihasilkan berupa enam buku solo dan puluhan buku antologi. Karyanya berupa antologi puisi, cerita anak, buku cerita bergambar, dan artikel cerita praktik baik pembelajaran. Buku-buku tersebut merupakan jejak literasi yang didedikasikan untuk generasi bangsa. Pembaca yang ingin berkenalan dapat menghubungi

penulis melalui media social Instragram @titin\_agniasallyha atau melalui posel titinmpd28@guru.sd.belajar.id.



## Penerjemah

**Rita Nuryanti** menulis cerkak, cerpen, geguritan, esai, artikel, dan reportase pada media berbahasa Jawa dan berbahasa Indonesia. Pengalaman lain, menulis naskah sandiwara radio berbahasa Jawa, buku pendamping materi bahasa Jawa SMP, editor, narasumber pelatihan menulis, membaca geguritan dan cerkak, serta juri membaca cerkak dan geguritan.

Puluhan anatologi bersama, karya perorangan, dan novel terjemahan telah diterbitkan.



## Penyunting Bahasa Jawa

**Doni Dwi Hartanto** dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, Universitas Negeri Yogyakarta. Penyunting aktif sebagai peneliti manuskrip dan linguistik Jawa, serta narasumber seminar, lokakarya bahasa, sastra, dan aksara Jawa. Dia juga aktif menulis buku dan artikel jurnal ilmiah serta menjadi editor dan reviewer aktif di jurnal nasional.



### Penyunting Bahasa Indonesia

Penyunting naskah ini **Joko Sugiarto** yang bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta mulai tahun 2016. Sebelum bertugas di Balai bahasa Provinsi DIY, penyunting mengabdikan diri kepada negara dengan bertugas di Balai Bahasa Banda Aceh mulai tahun 2000 sampai dengan 2004. Pada tahun 2005 penyunting memperkuat tim penyusun bahan ajar bahasa Indonesia bagi penutur asing (BIPA) di Pusat Pembinaan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa. Saat ini penyunting menjadi tenaga kebahasaan yang berkonsentrasi pada pembinaan kebahasaan. Tugas yang diemban meliputi penyuluhan kebahasaan, penyuntingan, dan bantuan tenaga kebahasaan dalam penanganan perkara yang berkaitan dengan penggunaan bahasa.



### Ilustrator

**Puput Aridhijayati** dilahirkan di Bengkulu pada 3 Mei 1994. Ilustrator memiliki ketertarikan pada kegiatan melukis sejak kecil. Berangkat dari hobi melukis dan mendesain busana mengantarkan Puput pada dunia ilustrasi busana dan melukis dengan media cat air dengan konsep realis. Selain menjadi tenaga lepas ilustrator, dia juga mengisi kelas busana, baik reguler maupun privat. Pembaca dapat menghubungi Ilustrator melalui posel [puputari586@gmail.com](mailto:puputari586@gmail.com) dan Instagram [@puputariy](https://www.instagram.com/puputariy).





# Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ayim arep gawé pakaryan saka barang bekas. Ana gendul plastik, kain bathik, bal pingpong, kawat, pring, lan sapituruté. Pakaryan iku awujud dolanan. Kira-kira Ayim arèp gawé apa, ya?

Ayim akan membuat kerajinan dari barang bekas. Ada botol plastik, kain batik, bola pingpong, kawat, bambu, dan sebagainya. Kerajinan itu berwujud mainan. Kira-kira Ayim akan membuat apa, ya?

ISBN 978-623-388-971-1 (PDF)



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah  
Republik Indonesia  
2024